



Prepare w pou youn nan pi gwo avanti nan lavi pitit ou!

Lekòl pral kòmanse byento. Konsèy sa yo ka ede pitit ou yo prepare pou ale lekòl chak jou.

Èske ou konnen rate sèlman youn oswa de jou lekòl matenèl oubyen preskolè chak tan ka fè li pi difisil pou timoun yo devlope konpetans nan lekti, e pou yo prepare pou klas matenèl oswa 1yè ane?

Moman Avanti!

Mennen pitit ou al vizite lekòl la pou li ka wè batiman an

- Si li posib, rankontre ak pwofesè li a epi vizite klas yo.
- Pale ak vwazen yo pou wè ki moun ki pral nan menm lekòl la. Se toujou yon plezi pou w gen yon zanmi.
- Devlope yon plan pataj pou al chèche ak depoze oubyen “Walking School Bus.” [“Plan Mache an Gwoup al Lekòl”]
- Reponn touswit lè pwofesè pitit ou a chèche pran kontak avèk ou. Poze nenpòt kesyon ou ta genyen !



Moman pou lodyans!

Rakonte pitit ou istwa pozitif sou epòk ou te youn jenn elèv

- Kreye istwa komik sou woutin ou, lè w leve nan maten, manje maten w epi al lekòl.
- Li istwa pou pitit ou chak swa nan lang natif natal ou.
- Liv ka adrese enkyetid timoun genyen nan yon fason jovyal epi mennen konvèsasyon.





Prepare w pou youn nan pi gwo avanti nan lavi pitit ou!

Ann kreye Abitid!

Mete yon lè timoun nan al domi aswè ak leve nan maten kelke semèn ann avans

- Kite timoun yo chwazi ki rad yo vle mete nan demen.
- Woutin fè moun santi yo gen kontwòl, e sa se yon bon santiman.



Bòn Sante!

Asire w pitit ou gen vaksen nesèsè yo pou li al lekòl

- Poze pwofesè pitit ou a kesyon sou fòmaliite sante ak sekirite yo.
- Poze kesyon ki gen rapò ak enkyetid ou ta genyen sou Covid19-.
- Mete randevou medikal ki pa gen rapò ak covid19- epi gwo vakans lè lekòl preskolè fèmen [vakans].



Lekòl matenèl rive nan klas 12zyèm tabli fondasyon pou bati lyen ak aprantisaj pou lavi. Ede pitit ou vin santi li konfòtab, gen konfyans nan tèt li ak jwi evenman enpòtan sa yo.